Протокол № 3

цхьанакхетар хилира 27-чу декабрехь 2023 шарахь
Цхьанакхетарехь бара МЦ-н берриг декъашхой .

Дийцаре дира хаттарш:

1. Эхашеран белхан жам1 дар (декабрь 2023шо)- Эльдарова Р.С.
2. 5-8 кл. дозуш долу къамел кхиор (Инеркаева М.Я.)
3. Классал арахьарчу дешарх лаьцна произведени харжа хаар (Мусанипова С.С.)
4. Дешархойн тетрадаш таллар т1ехь хьехархочун куьйгалла. (Макаева Л.М., Эльдарова Р.С.)
5. Районни олимпиадехь дешархоша дакъалацаран жам1аш . Нохчийн меттан а, литературан а йиллина урокаш билгалъяр , ч1аг1ъяр. (Эльдарова Р.С., Макаева Л.М.)
6. Йиллина урокаш: Дончарова Р.А., Инеркаева М.Я.
7. 9-чу, 11-чу классашкахь ОГЭ –на, ЕГЭ-на кечамбар (Дончарова Р.А., Мусанипова С.С., Саидова Т.М.)

1. Хьалхарчу хаттарехь къамел дира Эльдарова Ровзана.

Цо шен къамелехь лерина дийцира д1адаханчу эхашарахь хьехархоша бинчу балхах лаьцна. Эхашеран талламан белхийн , ешаран говзалла толлуш бинчу белхийн жам1 деш цо билгалдаьккхира, дуккха а дешархойн хаарш оьшучу т1ег1анал лахара хилар.Т1ейог1учу ханна дан дезарг билгалдира. (Белхан анализ юкъахь ю.)

2. Шолг1ачучу хаттарехь къамел дира Инеркаева Миланас.

Дешархойн къамел кхиорехь йоккха меттиг д1алоцу 1аламан тидам баро, иштта суьрташ т1ехь болх баро. Дешархошна керлачу дешнийн маь1наш довзийтаро , уьш юкъахь долуш предложенеш х1итторо боккха пайда бохьу дозуш долу къамел кхиорехь. Шен ойланаш нийса схьайийца а,д1аязъян а хаар ду мехала.

3. Кхоалг1ачу хаттарехь къамел дира Мусанипова Себилас.

Цо дийцира классал арахьарчу дешарехь таханлерчу денца йог1уш йолу произведени харжаран мехаллах лаьцна. Къаьсттина дешархошца болх бан беза г1иллакх-оьздангалла юьйцучу произведенеш т1ехь. Газетийн, журналийн аг1онаш т1ехь хуьлу мехала , х1окху заманца дог1у кегий дийцарш .Урокашкахь уьш къастор ду мехала…

4. Доьалг1ачу хаттарехь дешархойн тетрадаш т1ехь беш болчу балхах лаьцна дийцира Макаева Ларисас. Къаьсттина тидам т1ебахийта беза йоза ц1ена яздарна. Цхьана бакъонашца массо классехь а нийса яздайта деза тетрадан дуьххьарлера кехат. Тетрадаш т1ехь бен болх таллар т1едиллира Эльдарова Ровзана.
5. Пхоьалг1ачу хаттарехь Эльдарова Ровзана дийцира школехь йинчу

олимпиадех лаьцна . 9-чу а, 11-чу а классашкара дешархоша хьалхара меттигаш а яьхна , уьш к1оштан олимпиаде хьовсийра , цигахь Саидова Товмана хьоьхуш йолчу 11 классера Дакаева Марьяма шолг1а меттиг яьккхира (нохчийн мотт). Цул лахарчу классашкахь болчу бераша хаарш ледара гайтира. Цо гойту бераш олимпиадина кечбарехь 5-8-чу классан хьехархоша ч1ог1а ледара болх бина хилар. Т1ейог1учу ханна мелла а къахьега деза нохчийн меттан, литературан хьехархоша дешархой къовсамна кечбарехь .
Хьехархоша билгалъехира йиллинчу урокийн теманаш а, хенаш а.
6. Цул т1аьхьа йийцаре йира Дончарова Ремисас, Инеркаева Миланас гайтина йиллина урокаш. Массо а хьехархочо элира урокех лаьцна шайна хетарг, дикачу аг1ор билгалйира уьш. Кхин д1а дийцира т1ейог1учу хенахь бан безачу балхах лаьцна , х1ора хьехархочунна т1едахкарш дира.
7. ОГЭ-на кечамбар муха д1ахьо дийцира Дончарова Ремисас, Мусанипова Себилас; цу хьокъехь шена хетарг элира Эльдарова Ровзана. Цо билгалдира х1инце дуьйна, ч1ог1а тидаме эцна лерина кечамаш бан безар бу ОГЭ-на.

Сацам:

1. Дозуш долу къамел кхиорехь доккха дакъа кхочу хьехархочунна. Цундела цу т1е боккха тидам бахийта беза.
2. Даима а тидамехь латто деза тетрадаш т1ехь болх бар.
3. Кхушара олимпиадехь хиллачу кхиамийн, яьллачу ледарлонийн жам1 а дина, т1ейог1учу ханна бераш шо д1а ма доладеллина дуьйна олимпиадина кечдар; районехь меттиг баккхар.
4. Цхьанакхетарехь билгалдаьхначу г1алаташна т1е тидам бахийтар , уьш нисдар.
5. ОГЭ-на лерина кечамбар.

Нохчийн меттан, литературан МЦ-н куьйгалхо: Эльдарова Р.С.